# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी पच्छिम एशिया में चलि रहल संघर्स के चिंताजनक बतवले हवें अउर कहले हवें कि एहसे वैस्विक अर्थव्यवस्था पर प्रतिकूल परभाव पड़ि रहल हौ। लोकसभा में पच्छिमी एशिया पर भारत क रूख साफ करत श्री मोदी कहलें कि एकर कच्चा तेल के दाम पर ढेरे असर पड़ि रहल हौ। उहां के कहलीं कि एक करोड़ से बेसी भारतीय नागरिक खाड़ी देसन में रहे लें। प्रधानमंत्री कहलें कि ई संघर्स तीनि हप्ता से बेसी समय से चलि रहल बा आ एकर वैस्विक अर्थव्यवस्था अउर लोगिन के जिनगी पर गम्हिराहे परभाव परल बा। उहां के कहलीं कि दुनिया येह संघर्स के जल्दिये समाधान खातिर सज्जो पक्ष से अनुरोध कइ रहल हवें।

***जब से यह युद्ध शुरू हुआ है तब से ही प्रभावित देशों में हर भारतीय को जरूरी मदद दी जा रही है। मैने खुद पश्चिमी एशिया के ज्यादातर देशों के राष्ट्राध्यक्षों के साथ दो राउंड फोन पर बात की है। सभी ने भारतीयों की सुरक्षा का पूरा आश्वासन दिया है।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु लखनऊ में भइल कैबिनेट के बइठकी में गोहूं खरीदि के ले के पैंतीस गो अहम प्रस्तावन के मंजूरी मिलल हौ। प्रदेस सरकार गोहूं क न्यूनतम समर्थन मूल्य–एमएसपी में एक सौ साठ रूपिया प्रति कुंतल के बढ़ोत्तरी क घोसणा कइले हवे। एगो रिपोर्ट–

***बैठक के बाद कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही ने बताया कि इस वर्ष गेहूं का न्यूनतम समर्थन मूल्य पच्चीस सौ पचासी रूपये प्रति कुंतल निर्धारित किया गया है। गत वर्ष की तुलना में इसमें एक सौ साठ रूपये प्रति कुंतल की बढ़ोत्तरी की गयी है। तीस मार्च से पन्द्रह जून तक गेहूं की खरीद की जायेगी। पूरे प्रदेश में छः हजार पांच सौ खरीद केन्द्र बनाये जायेंगे। कैबिनेट ने एक अन्य महत्वपूर्ण फैसले में गोरखपुर को सोलर सिटी बनाने की भी मंजूरी दी है। गोरखपुर में प्रदेश का तीसरा फ्लोटिंग सोलर पावर प्लांट लगाया जायेगा। निर्णय के मुताबिक गोरखपुर के चिलुआताल में बीस मेगावाट क्षमता का फ्लोटिंग सोलर पावर प्लांट की स्थापना की जायेगी। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रयागराज के फाफामऊ इलाका में आजु दुपहरिया में एगो कोल्ड स्टोरेज क इमारत अचक्के ढहि गइल। मलबा में करीब बीस लोगिन के दबले क अनेसा जतावल जा रहल बा। जिलाधिकारी मनीष वर्मा बतवलें कि घटना वाली जगहि पर राहत आ बचाव कार चलत बा। एसडीआरएफ आ एनडीआरएफ क टीमियों राहत अउर बचाव कार में जुटल हवे। हादसा के दौरान अमोनिया गैस क रिसावो भइल हौ। पुलिस कोल्ड स्टोरेज के मनेजर के हिरासति में ले के ओहसे पूछताछ कइ रहल हौ। ओहीं घाही लोगिन के नगिच्चे के अस्पतालन में भरती करावल जा रहल बा।

**********

रामनौमी के मौका पर अजोध्या के श्रीराम जनमभूमि मंदिर में एक बेरि फिरो श्रीरामलला क दिव्य सूर्य तिलक होई। ई अद्भुत नजारा दुपहरिया बारह बजे देखे के मिली जब सूर्य क किरण श्रीरामलला के माथा पर तिलक करिहें। श्रीराम मंदिर तीर्थ क्षेत्र क महासचिव चंपत राय बतवलें कि ई सूर्य तिलक करीब चारि मिनट ले देखल जा सकी। उहां के कहलीं कि एके अत्याधुनिक वैज्ञानिक तकनीक से सम्भव बनावल गइल बा।

**********

राष्ट्र आजु महान स्वाधीनता सेनानियन भगत सिंह, राजगुरु अउर सुखदेव के उनके सहीदी दिवस पर सरधांजलि दे रहल हौ। इन्हें बरिस ओन्नईस सौ एकतीस में अजुये के दिन्ने लाहौर के केन्द्रीय जेलि में फांसी दीहल गइल रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो महान क्रांतिकारी भगत सिंह, सुखदेव आ राजगुरू के उनके सहीदी दिवस पर नमन कइलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री इनकरे साहस, समरपण आ देसप्रेम के प्रेरणादायक बतवलें।

**********

चइत नवरातर के पचवां दिन्ने आजु मां दुर्गा के स्कंदमाता स्वरूप क पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा। बलरामपुर में देवीपाटन के मां पाटेश्वरी मंदिर, वाराणसी क प्राचीन बागेश्वरी मंदिर, महराजगंज जिला के लेहड़ा माता मंदिरो में ढेरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन करे पहुंचल हवें। मिर्जापुर क मां विन्ध्यवासिनी देवी मंदिर में सरधलुअन क उछाह देखते बनि रहल बा।

***वासंतिक नवरात्र मेले के आज पंचम तिथि पर जगत जननी मां विध्यवासिनी के दरबार में लाखों श्रद्धालुओं की भीड़ उमड़ रही है। लोग मां का दर्शन–पूजन कर आशीर्वाद ले रहे हैं। भोर की मंगला आरती से पहले ही मंदिर की ओर जाने वाली सभी चारों गलियां श्रद्धालुओं से भर गई थीं। देश के कोने–कोने से आए भक्त मन में स्कंदमाता स्वरूप धारिणी मां विंध्याचल पर्वतवासिनी की एक झलक पाने की मन में अभिलाषा लिए क्रमशः आगे बढ़ रहे हैं। एस एम सबा आकाशवाणी समाचार विन्ध्याचल।***

**********

प्रदेस के पूरबी जिलन में बीतल दुइ दिन ले मौसम क मिजाज बदलल रहल। अजुओ भिन्नहीं ठंडी महसूस कइल गइल। मौसम विभाग के हिसाबि से प्रदेस क पच्छिमी आ पूरबी इलाकन में आजु कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले क आगम हवे।

**********